



**Rezidan Florida yo:  
Èske ou genyen Medicaid  
pou gwo sès oswa ou te  
genyen l se pa twò lontan?**

# Kounya, asirans Medicaid ou an ap dire 12 mwa apre gwo sès ou.



**Si ou te akouche oswa ou te pèdi gwo sès lan, ou gen 12 mwa  
asirans pou w ka gen aksè a swen sante fizik ak mantal ke ou  
bezwen yo, pa sèlman pou gwo sès ou an.**

## Sèvis ki kouvri

**Pandan 12 mwa apre gwo sès ou an, ou elijib  
pou tout sèvis Medicaid yo, tankou:**

- Sèvis pou swen sou sante repwodiktif  
ak seksyèl**  
tankou jiska de (2) vizit pospartum,  
planifikasyon familyal, ak tès pou maladi  
seksyèlman transmisib.
- Swen jeneral**  
pou trete maladi tankou opresyon, tansyon wo,  
oswa dyabèt, oswa pou lè ou malad.
- Swen medikal espesyal**  
pou trete pwoblèm tankou maladi kè ak lòt  
maladi kwonik
- Sèvis dantè**  
tankou yon egzamen ak tretman pou diminye  
doulè oswa enfenksyon.
- Sèvis sante mantal**  
pou depresyon, anksyete, estrès, twoub ki lye ak  
abi sibstans, ak lòt maladi mantal. Sèvis ki kouvri  
yo ladan egzamen, medikaman si sa nesesè, ak  
terapi pou endivi, fanmi, ak gwoup.
- Sèvis doula**
- Swen ijans**
- Benefis medikaman preskripsyon**
- Transpòtasyon ale nan randevou medikal**



**Ou ansent e ou pa gen asirans sante?  
Pale ak youn nan moun ki ap baw swen yo  
sou kijan ou ka anrejistre nan Medicaid.**




FLORIDA HEALTH  
JUSTICE PROJECT

## Swen apre akouchman

**Swivi medikal apre akouchman yo se randevou medikal apre akouchman pou asire ke ou ap reprann ou byen.** Vizit sa yo pa fèt pi ta ke 12 semèn apre gwo-sès la. Randevou apre akouchman se pou nenpòt moun ki te ansent resaman. Ale nan randevou apre akouchman ou yo menm si ou santi ou anfòm. Moun ki te fenk ansent yo gen risk pou yo fè gwo maladi nan jou ak semèn apre gwo-sès lan.

**Vizit apre akouchman yo enpòtan espesyalman pou moun ki te pèdi timoun nan pandan gwo-sès lan.** Vizit sa yo pral ede moun ki ap baw swen an aprann plis sou sa ki te rive epi gade si ou a riks pou menm bagay la rive ou nan yon lòt gwo-sès.

**Nan vizit apre akouchman w lan, travay ak moun ki ap baw swen an pou detèmine kiyès moun ki pral prensipal moun ki ap baw swen sante jeneral ak referans pou nenpòt lòt founisè swen sante ke ou ka bezwen.** Sa a ka gen ladan tansyon wo oswa kondisyon ki gen rapò, obezite, dyabèt, maladi tiwoyid, maladi ren, sante mantal, oswa maladi itilizasyon sibstans.



**Li enpòtan pou w ale nan vizit apre akouchman yo menm si ou santi ou anfòm.**



**Genyen 1 sou chak 5 fanm ki afekte pa yon maladi mantal matènèl.**

## Sipò pou sante mantal

**Maladi mantal matènèl yo se konplikasyon ki pi komen nan gwo-sès ak nan fè pitit,** yo afekte youn nan chak senk famm e moun ki ap pote pitit pandan gwo-sès lan epi premy ane apre gwo-sès lan.

**Sentom yon maladi sante mantal ka parèt nenpòt ki lè pandan gwo-sès lan epi 12 premye mwa apre gwo-sès lan.** Pandan ke yo souvan itilize tèm depresyon apre akouchman an, gen plizyè fòm maladi ke paran yo ka fè eksperyans, tankou depresyon, enkyetid, twoub obeseson-konpilsif, twoub estrès apre akouchman, twoub atitud bipolè, ak sikoz.

- Vizit [postpartum.net](http://postpartum.net) pou aprann plis sou maladi sa yo.
- Pale ak founisè swen sante w la pou w refere w pou sèvis sante mantal si w santi w ap soufri ak yon twoub konpòtman.
- Rele **2-1-1** oswa vizite [psichapters.com/fl](http://psichapters.com/fl) pou w jwenn resou sante mantal nan zòn ou an.
- Kontakte Liy Dirèk pou Sante Mantal Matènèl pou jwenn sipò 24/24, 7/7 jou oswa tèkste ak yon terapet pwofesyonèl. Pou w fè sa, rele oswa voye yon tèks nan **1-833-943-5746** (1-833-9-HELP4MOMS).
- Si ou nan kriz swisid, tanpri rele oswa tekste **9-8-8**.

**Paren yo ki gen ti bebe yo nan inite swen entansif pou nouvo-ne (NICU)** kapab santi yo debòde ak emosyon yo. Si ou santi ou konsa, di medsen ou ke ou ta renmen pale ak yon moun nan sèvis oswa resous pou sante mantal.



## Pou plis enfòmasyon

Tanpri eskane kòd QR la ki sou bò goch lan oswa vizite [marchofdimes.org/florida-medicaid](http://marchofdimes.org/florida-medicaid).

Ou ka voye yon imel tou bay Pwojè Florida Health Justice: [help@FloridaHealthJustice.org](mailto:help@FloridaHealthJustice.org).



FLORIDA HEALTH JUSTICE PROJECT